РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН
МУНИЦИПАЛЬНОЕ БЮДЖЕТНОЕ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНОЕ
УЧРЕЖДЕНИЕ «СРЕДНЯЯ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНАЯ ШКОЛА №4»
АДМИНИСТРАЦИИ ГОРОДСКОГО ОКРУГА «ГОРОД КАСПИЙСК»»
368301,г. Каспийск, ул. Матросова Тел. 5-33-17,5-15-43

# Авар мацӀалъул рагьараб дарс

## Тема : «Авар мацӀалъе хасиятал рагьукъал хӀарпал ва гьаркьал»

Дарс кьуна: магӀарул мацӀалъул мугӀалим

ХӀажиева ГӀайшатица

2 классалда

2021сон

**Авар мац!алъул рагьараб дарс:**

**Дарсилтехнологияб карта№13**

2 «б» класс

**Тема:** «Авар мац!алъе хасиятал рагьукъал гьаркьал в ах!арпал»

**Предмет:** Авар мац!.

**Дарсилмурад:** 13 хасаб гьаракь мух!канго абизе гьел рихьизарулел х!арпал бит!ун хъвазеги бугеб бажари цебе т!езабизе.

**Дарсида х!алт!изарулел алатал**

А) карточкаби;

Б) суратал.

**Дарсил структура:**

Этапы урока

1.Г!уц!иялъул момент.

2.Рокъобе кьураб х!алт!ул халгьабе.

3.Берцинхъвай.

4.Ц!ияб дарс.

5.Т!ех!алдасан х!алт!аби.

6.Калам цебет!езаби.

7.Тетрадазда х!алт!аби.

8.Дарс щула гьаби.

9.Дарсил ахир.

10.Рокъобе х!алт!и.

**Дарсил г!уц!и:**

**1. Г!уц!иялъул момент.**

Ц!алдохъаби дарсиде х!адур гьари.

- Рорч!ами! Г!одорч!а. Жакъа нижер дарсиде рач!ун руго гьалбал. Гьел рач!ун руго нужеда рахьдал мац! Кин лъалебале балагьизе.

**2.Рокъоб кьураб х!алт!и хал гьаби.**

Рокъоб кьураб х!алт!и хал гьабизе ва тетрадал рак!аризе,

Цогидал тетрадал рикьизе.

- Лъимал, рагье тетрадал. Рокъоб кьураб х!алт!и гьабизе зах!малъарабищ? (х!алт!и 58).

-(Ц!алдохъабазул жаваб).

-Тетрадал рак!аре.

(Ц!алдохъабаца цоцазухъе кьун тетрадал рак!арана).

Лъимал, араб дарсида берцинго хъвадарун руго Мух!а-Мадова П. Мажидова Ф. Абубакарова Ф. Мух!амачиев Х!.

Цогидазги гьездаса мисал босизе ккела.

Рагье тетрадал,хъвай число ва классалда х!алт!и.

**3. Берцинхъвай.**

Берцинхъваялъе кьун ругел х!арпазул хал гьабе.

Т!т! Ч!ч! Ц!ц! Лълъ

Т!ут! ч!ор ц!ам лъим
Гьал х!арпал ва раг!аби тетрадазда берцинго хъвай.

**ФИЗМИНУТКА**

**4. Ц!ияб дарс.**

-Балагье стендалъухъ.
- Авар мац!алъул хасиятал х!арпал.
- Гьел х!арпазда рекъон раг!аби ургъе.
-Г!-г!азу, Гь- гьудул, Гъ- гъуд, Х!- х!ули, Хь- хьаг, Хъ- хъаз,
К!-к!ал, Кь- кьибил, Къ- къед, Т!- т!емет!и, Ч!- ч!ер,
Ц!-ц!ул, Лъ- лъен.
- Бит!ун буго. Баркала. Гьел раг!абиги гьоркьоре ккезарун
Предложениял г!уц!е.
-Г!азу балеб бугищ?
- Х!улиг!адаб г!азу балеб буго.
-Воре, квачазе вук!унге!
- Кинал предложениял нужеца ургъарал?
- Суалияб, хабарияб ва ах!ул предложениял.
- Бит!ун буго. Х!алч!ахъадал! Цомухъги биччан берцинго
Хъвай тетрадазда.

**5. Т!ехьалдаса х!алт!аби.**

- Рагье т!ахьал 27 гьум. Бате 59 х!алт!и. Ц!але щиб гьабизе колебали.
- Кеч! ц!але. ( Ц1алдохъанас кеч! Берцинго ц!алана ва рагьукъал гьаркьал бит!ун абиялде к!вар кьуна).
- Хаслихълъиялъул моц!ал лъида лъалел?
-Сентябрь, октябрь, ноябрь.
- Бит!унбуго.

**6. Калам цебет!езаби.**

- Балагье сураталъухъ. Кинаб заман бугеб бихьизабун?
- Сураталда бихьизабун буго роол заман.
- Кин нужеца гьеб ч!езабураб?
- Роц!араб къо буго. Авлахъалда г!урччинлъи г!емер буго.
Х!айванал рехъен гьабун кваналел руго.
-Роол моц!ал лъида лъалел?
-Июнь, июль, август.
- Бит!ун уго.

**7. Тетрадазда х!алт!аби.**

- Цомухъги тун тетрадазда хъвай «Словарияб х!алт!и».
Рахь, гьобо, къед, ц!ад, баг!ли, хъарпуз, лъар, кьег!ер, х!ет!е, кокон.
-Баг!ли щиб кколеб?
- Гьеб кола пихъ.
-Цойги коконг ипихъ буго.
- Бит!ун буго.

**8. Дарс щула гьаби.**
-Бокьарабищ нужее дарс?
- Щиб нужеда лъараб?
- Гьанже бицанк!оялъе жаваб кье.
К1ал гьеч!еб, мац!ги гьеч!еб,
Малъизе гьунар бугеб;
Бер гьеч!еб, калам гьеч!еб
Кинабго жо бицунеб. (т!ехь).
**9. Дарсил ахир.**
Дарсида берцинго х!алт!ана т!олабго класс. Баркала нужее.
**10. Рокъобе х!алт!и.**
-Х!алт!и 62 гьум. 29.